

HORNETS BUZZ

Bilten Ofisyèl Lekòl Katolik Holy Family

12 OUT 2026

VOL. 1

N ap grandi ansanm nan ekselans, sèvis ak entegrite.



Byenveni tounen, Hornets

Ala yon bèl kòmansman pou ane eskolè 2026–2027 la! Se te yon gwo plezi pou nou akeyi elèv nou yo tounen nan lekòl la epi wè salklas ak koulwa nou yo chaje ak antouzyasm, souri, ak aktivite aprantisaj ankò.

Pandan n ap kòmanse nouvo ane sa a ansanm, nou anvi kontinye angajman nou anvè Ekselans, Sèvis, ak Entegrite, pandan n ap adopte tèm ane sa a: "Se pou Lapè Kòmanse." Nou swete pou ane eskolè sa a pote anpil kwasans, bon jan aprantisaj, patenarya solid, ak anpil benediksyon pou tout kominote Holy Family la.

Pou ede fanmi nou yo rete enfòm, konekte, epi okouran de dènye nouvèl yo, n ap voye yon bilten chak mèkredi. Bilten sa a ap gen ladan l anons enpòtan, evènman k ap vini yo, rapèl, ak enfòmasyon sou sa k ap pase nan kominote lekòl nou an. Nou ankouraje fanmi yo pran yon ti tan chak semèn pou yo li bilten an epi rete konekte ak tout sa k ap pase nan Holy Family.

Reyinyon Paran



Nou envite tout paran ak moun ki responsab elèv nan nivo K–8 yo avèk anpil kè kontan pou yo vin patisipe nan reyinyon "Open House" pou kòmansman ane eskolè a. Reyinyon an ap fèt jedi 13 out, a 5:30 p.m., nan legliz la. Nou pral kòmanse ak yon ti reyinyon jeneral, epi apre sa, w ap gen opòtinite vizite klas pitit ou a, rankontre pwofesè li, epi aprann plis sou ane eskolè k ap vini an.

N ap genyen tou fòm enskripsyon pou pwogram apre lekòl la ak fòm pou enskri nan Asosyasyon Paran ak Pwofesè (PTA).

BACK
to
SCHOOL



Misyon nou se bay yon edikasyon bon kalite ki chita sou sakreman yo ak valè Levanjil yo. Nou vize temwaye lafwa Katolik nou atravè ekselans akademik, sèvis kominotè ak entegrite, yon fason pou elèv nou yo jwenn kapasite pou yo rive nan tout potansyèl yo.

Arive ak Depa Procedures



Nou mande fanmi yo pou yo tanpri respekte pwosedi sikilasyon nou yo:

Antre: Tout machin dwe antre nan lakou lekòl la nan baryè ki sou NE 145th Street la.

Sòti: Tout machin dwe soti nan baryè ki sou NE 147th Street la.

Rete nan Machin ou: Pandan lè elèv yo ap rive ak lè lekòl la ap fini, paran oswa moun ki responsab elèv la dwe rete nan machin yo toutan.

Tanpri, Pa Estasyone: Pa estasyone epi pa soti nan machin ou lè w nan liy pou depoze oswa rekipere elèv yo.

Èd pou Elèv yo: Anplwaye nou yo ki responsab pakin nan ap ede elèv yo antre epi soti nan machin yo an sekirite.

Lè nou respekte pwosedi sa yo, sa ede sikilasyon an byen mache epi, sa ki pi enpòtan, sa asire sekirite elèv nou yo.

Ap vini talè konsa

• Jedi 13 Out

- Jounen Pòt Ouvè (Klas K-8)

• Lendi 17 Out

- Kòmansman Tès Dyagnostik I-Ready

• Lendi 7 Septanm

- Fèt Travayè yo (Pa gen lekòl)

• Vandredi 11 Septanm

- Sòti bonè a 1:00 p.m.

• Dimanch 13 Septanm

- Mès Lekòl la

• Lendi 14 Septanm

- Rapò Pwogrè Premye Trimès (Q1) yo voye pa imèl bay fanmi yo

Pwogram apre lekòl

Pwogram STARS nou an (ki fèt apre lekòl) ap kòmanse lendi 17 out. Tanpri note ke tout elèv ki rete nan lekòl la apre 3:15 p.m. dwe enskri nan pwogram STARS la. Pri pwogram nan se \$150 pa mwa.

Fanmi ki pa vle enskri nan pwogram nan dwe pran dispozisyon pou yon moun vin chèche pitit yo pa pita pase 3:15 p.m. chak jou.

Ou ka jwenn fòm enskripsyon yo nan biwo lekòl la. Nou apresye koperasyon nou pou ede nou asire ke tout elèv yo byen siveye epi nou konnen kote yo ye apre lekòl la fin lage.

Rete konekte

Rele nou:
(305) 947 - 6535



Vizite sitwèb lekòl nou an:
<https://www.holyfamilynorthmiami.org/>

Swiv nou sou Instagram:
@HolyFamilyCS

Misyon nou se bay yon edikasyon bon kalite ki chita sou sakreman yo ak valè Levanjil yo. Nou vize temwaye lafwa Katolik nou atravè ekselans akademik, sèvis kominotè ak entegrite, yon fason pou elèv nou yo jwenn kapasite pou yo rive nan tout potansyèl yo.